


Bibon ak lèt pou tibebe

Règ ijyèn yo

Lè w ap prepare bibon pou tibebe w la, li enpòtan pou respekte sèten règle ijyèn pou evite kontaminasyon.




Yon bon netwayaj bibon ak tetin yo esansyèl apre chak bwè pou elimine rès lèt tibebe an. Sa anpeche bakteri yo devlope la.



Apre chak bwè, demonte pati bibon yo epi rense yo ak dlo frèt. Fè dlo pase nan twou tetin yo.



Netwaye bibon yo epi tetin yo ak dlo cho ki gen savon likid, epi itilize yon bwòs pou bibon.



Rense tout pati yo ak dlo cho epi kite yo degoute sou yon twal pwòp.

ESTERILIZE


Anvan premye itilizasyon an, tout eleman bibon an dwe esterilize. Esterilizasyon rekòmande tou apre chak bwè si tibebe w la gen mwens pase 4 mwa, paske li pi vilnerab a bakteri, ki enkli sa ki lakòz gastwoenterit yo.



Mete bibon, tetin, bouchon ak istansil yo nan yon kaswòl epi ranpli li ak dlo. Tout pati yo dwe kouvri ak dlo.



Mete yon kouvèti sou kaswòl la. Fè dlo an bouyi pou 5 minit. Apresa sa a, kite l frèt.



Lè dlo a refwadi, retire pati yo, degoute yo epi kouvri yo ak yon twal pwòp.

Esterilizasyon kapab tou fèt nan machin alave nan panyen ki anwo a nan sik tanperati ki wo, eksepte pou tetin an latèks yo.

PREPARE


Jiska 4 mwa, toujou itilize dlo bouyi epi asire w ke w respekte kantite ke fabrikan an endike yo. Apre 4 mwa, ou ka itilize dlo wobinè frèt san ou pa bouyi li. Pa janm sèvi ak dlo wobinè cho.




Lave sifas travay la epi men w tou. Pou lèt nan kanèt yo, netwaye bwat la ak dlo cho anvan ou louvri li epi asire w ke ouvèti bwat la pwòp.



Bouyi dlo an pandan 1 minit nan yon kaswòl oswa nan yon aparèy pou bouyi dlo ki pa gen dispozitif arè otomatik.



Ranpli bibon yo ak kantite dlo bouyi ki rekòmande an. Dlo a ta dwe itilize nan lespas 30 minit apre li fin bouyi.



Vide kantite poud oswa konsantrè ki rekòmande an nan bibon an. Refèmen l epi souke l pou byen melanje l.



Refwadi bibon an lè w mete l anba dlo frèt anvan w ofri l bay tibebe w la.



Tcheke tanperati lèt lan sou bò entèn ponyèt ou. Ou pa ta dwe santi okenn diferans tanperati. Refwadi l si sa nesesè.

Mete nan frijidè bibon ke w gen plan itilize yo nan pwochè 24 èdtan yo (pa plis).

CHOFE


Pifò ti bebe yo prefere bwè lèt yo tyèd, jiska a preprè 10 a 12 mwa. Si ou te mete nan frijidè yon bibon ki te prepare pi bonè, ou ka chofe li anvan ou ofri li bay tibebe w la.



Mete bibon an nan yon veso ki gen dlo cho (men ki p ap bouyi) pandan kèk minit jiskaske li tyèd.



Souke dousman bibon an. Tcheke tanperati lèt tibebe a sou ponyèt ou anvan ou ofri l bay tibebe w la.



Kenbe oswa jete?

Bibon ki fèk prepare yo ka konsève pou 2 èdtan nan tanperati anbyan. Si yo pa te rechofe, ou ka kenbe yo pou 24 èdtan nan frijidè a (pa nan pòt la).

Si tibebe w la pa fini bibon li an, jete rès lèt lan.

Pa janm mete lèt tibebe an nan frizè.

Byen kouvri bwat lèt likid ki kòmanse yo anvan ou mete yo nan frijidè a, pou yon maksimòm de 48 èdtan. Bwat lèt poud yo ka estoke pou yon mwa nan yon kote ki sèk.

E konsènan lèt ki tou pare pou itilize yo?

Kòm yo esteril, yo ka pratik pou deplasman oswa lè w pa gen aksè a dlo bouyi. Sepandan, yo pi chè pase lòt kalite lèt yo.

